



Pou Piblikasyon Imedya: 02/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN NOUVO MORATWA SOU EKSPILSYON
REZIDANSYÈL AK KOMÈSYAL KI GEN RAPÒ AK COVID, ANVIGÈ JISKA 15
JANVYE 2022**

***Egzòte Nouyòkè yo pou aplike pou pwogram Èd pou Lwaye Ijans lan - Plis
pase 1.2 milya dola nan finansman ki otorize oswa debouse atravè ERAP***

***Nouvo lwa a elaji Pwogram Èd pou Lwaye a ak pwoteksyon kont ekspilsyon ki
akonpaye li pou lokalite yo ki te chwazi pa patisipe ladan anvan sa***

Adopte pwoteksyon kont sezi imobilye pou mèt kay ak pwopriyetè

***New York kounye a genyen pwoteksyon kont ekspilsyon ki pi solid nan peyi a
pou sila yo ki gen difikilte akòz COVID-19***

Bonè nan maten sa a, Gouvènè Kathy Hochul te siyen yon nouvo moratwa sou ekspilsyon rezidansyèl ak komèsyal ki gen rapò ak COVID pou Eta New York ki anvigè jiska 15 janvyè 2022. Dapre nouvo lwa a, tout pwoteksyon Lwa sou Refij Sekirite Lokatè (Tenant Safe Harbor Act) pou Lokatè rezidansyèl yo ki fè fas ak difikilte finansye akòz pandemi an pral rete anplas, ansanm ak nouvo pwoteksyon sou ekspilsyon komèsyal.

"Pandemi an te kreye anksyete nou pa ta imajine pou fanmi ak mèt biznis yo ki te pèdi revni epi ki gen difikilte pou peye lwaye chak mwa", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pou ede rezoud desizyon kriyèl Tribinal Siprèm lan ki anile moratwa New York ak administrasyon Biden sou ekspilsyon yo, n ap adopte yon nouvo moratwa sou ekspilsyon rezidansyèl ak komèsyal epi pwolonje pwoteksyon Lwa sou Refij Sekirite New York la jiska 15 janvyè. Mezi sa yo pral soulaje kriz Nouyòkè vilnerab yo ap fè fas k ap soufri san se pa fòt yo ditou".

Gouvènè Hochul egzòte Nouyòkè yo ki gen difikilte pou peye lwaye pou aplike pou èd atravè Pwogram Èd pou Lwaye Ijans lan oswa ERAP. Aplikan nan pwogram sa a otomatikman pwoteje kont ekspilsyon pandan aplikasyon yo annatant epi ap resevwa pwoteksyon kont ekspilsyon pou yon ane si yo kalifye pou èd. Aplikasyon an disponib [isit la](#).

Nan dat 31 out, plis pase 1.2 milya dola nan finansman te swa otorize oswa distribye atravè ERAP, sa gen ladan plis pase 300 milyon dola nan peman dirèk bay plis pase 23,000 mèt kay.

Senatè Brian Kavanaugh te deklare, "Depi nan kòmansman pandemi an, nou te angaje pou asire tout Nouyòkè yo -- sa gen ladan lokatè ak mèt kay yo -- pwoteje kont pèt kay yo akòz difikilte COVID-19 la lakòz. Nou te travay di tou pou asire fado finansye sou lokatè ak mèt kay yo leve, atravè pwogram soulajman ki jwenn bon finansman, efikas epi pou pwoteje ti biznis yo. Jodi a, pandan COVID-19 la kontinye se yon menas pou sante ak byennèt Nouyòkè yo atravè eta a, n ap pran mezi desizif, global pou elaji ak ranfòse poto estrateji lejislatif nou yo pou kenbe tout Nouyòkè yo an sekirite. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul, Lidè Majorite Andrea Stewart-Cousins, Prezidan Asanble Carl Heastie ak esponsò pwojè lwa Asanble a Jeffrey Dinowitz pou patenarya yo nan pèmèt lejislasyon enpòtan sa a rive adopte".

Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare, "Lejisasyon sa a se yon politik sante menm jan li se politik ekonomik, epi nou dwe fè tout sa nou kapab pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite nan mitan sityasyon ogmantasyon varyant Delta a. Lwa sa a pral ede plizyè fanmi kenbe yon twa sou tèt yo ak pòt ouvri pou ti biznis yo pandan eta a ap travay pou amelyore ak senplifye pwogram ERAP la epi nou tout travay ansanm sou yon rekipasyon anba pandemi mòtèl sa a. Mwen remèsye Carl Heastie pou sipò konstan li pou lokatè yo ak Gouvènè Hochul dèske li lanse li nan pwoblèm sosyal sa a, ansanm ak Lidè Majorite Stewart-Cousins ak esponsò Sena Eta a Brian Kavanaugh pou lidèchip yo".

Nouvo lwa a pral pèmèt tout moun ki rete nan yon lokalite ki chwazi pa patisipe nan pwogram eta a pou administre pwòp pwogram ed lwaye yo, pou aplike pou pwogram eta a lè fon lokal yo fini. Moun ki aplike pou pwogram lokal yo dirèkteman pral kounye a otomatikman benefisyè pwoteksyon kont ekspilsyon eta a ki pi elaji.

Lwa a kreye tou yon fon 25 milyon dola pou bay sèvis legal pou lokatè yo k ap fè fas ak pwosedi ekspilsyon ak pou ede yo kenbe establiite lojman nan zòn nan eta a kote aksè ak ed legal gratis pou sèvis sa yo pa disponib.

Lwa a etabli yon nouvo pwogram Ed pou Lwaye ljan Sipleman 250 milyon dola pou sèvi fwaye sipleman ak pou pi byen sipòte mèt kay yo. Atravè pwogram sa a, 125 milyon dola pral disponib pou bay asistans pou fwaye ki gen revni ki depase 80% Revni Mwayen Zòn (Arean Median Income, AMI) lan, ak jiska 120% AMI. Anplis de sa, 125 milyon dola pral disponib pou ede mèt kay yo ki gen lokatè ki refize patisipe oswa ki te kite kay la avèk mwa ki pa peye.

Nan kad moratwa New York ki adopte a, lokatè yo dwe soumèt yon deklarasyon sou difikilte a, oswa yon dokiman ki eksplike sous difikilte a, pou anpeche yon pwosedi ekspilsyon kontinye avanse. Mèt kay yo ki kwè lokatè yo pa te soufri difikilte finansye ap gen otorizasyon kounye a pou mande yon odyans nan tribinal.

Mèt kay yo kapab mete deyò lokatè ki ap kreye danje pou sekirite oswa pou sante lòt lokatè yo, ki domaje pwopriyete a yon fason entansyonèl, ak kote yon lokatè pa te soumèt deklarasyon sou difikilte.

Lejislasyon sa a mete yon moratwa sou pwosedi sezi rezidansyèl pou pwopriyete kay ak ti pwopriyete yo ki posede 10 oswa mwens abitasyon rezidansyèl kapab voye deklarasyon sou difikilte yo bay kreyansye ipotèk yo a, lòt pati ki enplike nan sezi imobilye yo oswa yon tribinal ki ta kapab anpeche yon sezi imobilye.

Moratwa lejislasyon an sou ekspilsyon komèsyal ak pwosedi sezi komèsyal aplike pou ti biznis yo ki genyen 100 oswa mwens pase 100 anlwaye ki demontre yon difikilte finansye. Lokatè yo dwe soumèt yon deklarasyon sou difikilte a, oswa yon dokiman ki eksplike sous difikilte a, pou anpeche ekspilsyon yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)